

# Depi w fin deside pou bay ti bebe w la tete, pa gen anyen ki pou kanpe w.

**Asire w ke w pale de sa e ke w chèche enfòmasyon ak sipò w bezwen nan men pwofesyonèl swen sante w la, enfimiyè oswa fam sa j ou a, fanmi w ak zanmi w.**

LÈ SA A...	MEN SA POU DI :
<b>Pandan vizit ou yo kay doktè anvan akouchman</b>	« Mwen vle bay ti bebe m lan tete. Èske mwen ka gen enfòmasyon sou bay ti bebe tete pou m sa prepare m ? Mwen ta renmen gen non ak nimewo espesyalis ak resous sou alètman ki nan kominote m nan. »
<b>Lè w gen tranche</b>	« Mwen vle bay ti bebe m lan tete. Si pa gen okenn pwoblèm apre akouchman an, mwen ta renmen kenbe ti bebe m lan epi mwen ta renmen ba l tete touswit. »
<b>Si w kòmanse bay ti bebe a tete e w pa si ke ou fè l jan pou fè l la</b>	« Mwen pa si si ti bebe m lan pran tete a byen oswa si l ap rale lèt la kòm sadwa. Mwen ta renmen pou yon enfimiyè oswa yon konsiltan sou alètman vin ede m. »
<b>Si enfimiyè a di li pral mennen ti bebe w la nan pouponyè a</b>	« Mwen ta renmen pou ti bebe m lan ret nan chanm mwen. L ap pi fasil pou mwen ba l tete lè l grangou. »
<b>Si gen yon rezon ki fè ti bebe w la dwe pase tan nan pouponyè a</b>	« Tanpri, sonje ke m ap bay ti bebe a tete sèlman. Piga bay ti bebe m lan okenn lèt bebe epi mennen l banmwen kou l grangou. »
<b>Lè w pare pou w ale lakay ou</b>	« Mwen ta renmen gen non ak nimewo telefòn yon espesyalis sou alètman ak gwoup sipò sou alètman ke m ka rele si mwen gen nenpòt pwoblèm oswa si m bezwen sipò. »
<b>Si pèsònèl lopital la ofri w echantiyon lèt bebe</b>	« Mèsè pou kado a, men m ap bay ti bebe m lan tete sèlman e mwen pa ba li lèt bebe. »
<b>Si zanmi w ak fanmi w eseye ede w e yo vle ofri ti bebe w la yon boutèy lèt bebe</b>	« M ap bay ti bebe m lan tete sèlman paske sa ba l plis nitrisyon. Gen anpil lòt jan ou ka ede m. Ou ka achte kouchèt, ede m benyen ti bebe a, pale ak ti bebe a, chante pou ti bebe a, kenbe ti bebe a pou m ka al pran yon bagay, lonje yon vè dlo ban mwen pandan m ap bay ti bebe a tete... »

# Sa manman k ap bay ti bebe yo tete dwe mete nan sak yo pou pote lopital la

## ATIK SA YO KA EDE TI BEBE W LA E LI KA EDE W BA L TETE PI FASILMAN :

- Soutyen pou alètman
- Tanpon pou alètman (an twal oswa pou jete lè l fin sèvi)
- Zòrye pou alètman
- Chemiz-de-nwi oswa pijama ki gen bouton oswa agraf sou devan
- Moumou
- Gid Enfòmasyon sou alètman

*Ou PAP bezwen pote bibwon oswa sison pou ti bebe w la*

## LÒT ATIK :

- Chèz bebe pou otomobil pou lè w pral lakay ou  
(*Obligatwa – Se lalwa nan Leta Nouyòk ki egzije l*)
- Pomad pou lèv
- Atik pou ijyèn pèsònèl
- Kotèks



## Bay ti bebe tete – Tou senpleman pi bon bagay ki genyen

**Pou w jwenn èd lè w ap bay ti bebe w la tete, pale ak yon pwofesyonèl swen sante oswa rele 311.**

**Ou ka rele liy asistans Nasyonal pou Alètman an (National Breastfeeding Helpline) nan 1-800-994-9662.**